

# ENFÒMASYON DEZAS POU MOUN LWAYÈ

## **Apatman kote mwen viv la vreman kraze pa siklon nan, men met kay la te di'm ke si mwen vle rete mwen bezwen peye lwe konple – kisa mwen dwe fe?**

Met kay ou kapab fase difikilte finansyel jistan konpayi asirans li peye kob pou reparasyon. Pale avek met kay ou pou we si lwe a kapab redwi jistan apatman nan ranje. We si met kay la ap kite ou move a yon lot init bilding la ki pi bon.

## **Kisa si met kay mwen ap p'ap negosye?**

Ou gen dwa pou redwi lwe ou nan pòposyon avek domaj a init la. Si apatman ou pa vivab, ou kapab kite. Ka menm, ou dwe voye yon let sètifye a met kay ou ki di li konsenan aksyon ou. Tanpri kontakte Sèvis Legal Florida Nò Inc. pou plis enfòmasyon konsenan sa ou kapab fe baze sou sityasyon ou.

## **Tout bagay mwen te detwi lè tet kay la te tonbe kote mwen lwaye a – ki èd mwen kapab resevwa?**

Si ou te gen asirans lwayè a tan dezaz la, kontakte konpayi asirans ou. Si sityasyon nan dezespere, asire ke ou dekri sityasyon ou a konpayi asirans la. Si konpayi asirans la dakò ke pedisman ou kouvri, ou kapab mande yon peman avanse pou kouvri you posyon pedisman ou.

## **Kisa si mwen pa gen nenpot asirans sou pwopriyete mwen?**

Si ou pa't gen asirans lwayè, gade pou we si met kay la te gen asirans pou kouvri bagay ou yo. Si pedisman ou pa kouvri pa nenpot polisy, gen chans ke ou kapab resevwa kob Pwogram Endividyel e Lakay (IHP) nan men FEMA pou ranplase bagay nesesè pwopriyete pèsonel ou tankou rad, bagay lakay, meb e aparay. OU kapab aplike pou benefis sa yo atrave FEMA a 1-800-621-3362 (pwoblem tande/pale 1-800-427-5593) oswa sou intènèt la a [disasterassistance.gov](https://www.disasterassistance.gov).

## **Met kay mwen a te di mwen pou kite kay la pwochen jou a paske li vle apatman nan pou pitit fi li ki te pedi lakay li nan siklon nan, e te di mwen ke si mwen pa't soti, li t'ap chanje lok yo – eske mwen bezwen move?**

Lwa Florida pa kite yon met kay jis lok ou deyo ou feme itilite ou itilize nenpot lot mwayen “ede tet li” pou fe ou kite. Met kay la dwe ranpli yon aksyon eviksyon nan tribinal epi apre sa ou bezwen move si jij la mete yon jijman final eviksyon nan ka eviksyon ou. Osi, met kay la dwe bay ou yon kalite notis ekri pou mande ou move anvan li ranpli yon ka eviksyon kont ou nan tribinal. Si ou resevwa nenpot papyè tribinal eviksyon, ou kapab rele Sèvis Legal pou

enfòmasyon konsenan jan pou ranpli repons ou a pwosè eviksyon nan. Si met kay la vreman lok ou deyo, ou kapab rele polis yo, e ou dwe mande yon avoka pou jwen enfòmasyon konsenan yon aksyon kont li pou domaj.

**Apatman mwen byen kraze e mwen pa kapab viv nan li e kounyeya m'ap move.**

**Mwen vle depo sekirite mwen a retounen – kisa dwate mwen yo ye?**

Si ou gen yon kontra ekri, li kontra a e we sa li di. Si ou pa gen yon kontra ekri, ou kontra ou pa di nenpot bagay konsenan depo, met kay la dwe retounen deop ou andan 15 jou apre ou kite kay la oswa voye ou yon let, atrave lapos sètifye, andan trant (30) jou, ki di rezon ke li p'ap retounen depo ou. Apre sa ou gen kenz (15) jou pou repon sou papye, oswa met kay la ap gen dwa kenbe depo sekirite a.

Anvan ou kite apatman nan, fok ou ba met kay ou nouvo adres ou. Si ou e met kay la pa dakò konsenan si ou dwe resevwa depo ou, ou kapab rele Sèvis Legal. Nou kapab eksplike jan ke ou kapab pran met kay la a tribinal reklamasyon pitit pou resevwa depo sekirite ou.